



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI EKSPOZISYON MWA LISTWA MOUN NWA A NAN KAPITÒL LA

Ekspozisyon an rann omaj a fonksyonè piblik H. Carl McCall ki osèvis piblik depi byen lontan pou wòl li te jwe nan kreyasyon Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la

Se premye fwa y ap [ekspoze](#) zèv ki soti nan Koleksyon Atistik Harlem lan nan Kapitòl la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti ekspozisyon "Mwa Listwa Moun Nwa a 2020 an: Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la" nan Sal Lagè (War Room) a, ki nan dezyèm etaj Kapitòl Eta New York la. Ekspozisyon Mwa Listwa Moun Nwa a ekspoze zèv atistik yo chwazi nan koleksyon Harlem lan ki se yon kreyasyon Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Bilding Administratif Eta Harlem lan (Harlem State Office Building Committee on Arts and Culture), yon panèl ke Senatè H. Carl McCall te kreye epi òganize lè l te senatè.

"Ekspozisyon sa a ap selebre atis ke zèv atistik yo te ede elve New York vin yon flanbo pou mond atistik la epi li te rakonte kwonik peryòd enkwayab sa a nan istwa nou ki kontinye ap fè eko toupatou nan mond lan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap selebre mwa listwa moun nwa a, mwen fyè paske nou gen yon koleksyon ki gen kalib mondyal ki ekspoze nan gran Kapitòl nou an epi mwen ankouraje Nouyòkè yo tankou vizitè yo pou yo pwofite de opòtinite pou yo wè l ak pwòp je yo."

Ekspozisyon Mwa Listwa Moun Nwa a ekspoze zèv atis tankou Palmer Hayden, Barkley Hendricks, ak Norman Lewis ki te ede elve sa yo te konn rele "atizay kominotè" a pou dekri zèv atistik yo konsidere kounye a kòm zèv atistik Ameriken ki pi rafine prensipalman atis Nwa ak Ispanik yo te kreye nan 20yèm syèk la, pifò ladan yo ap travay ak viv nan New York. W ap jwenn enfòmasyon sou ekspozisyon an [la](#).

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la, RoAnn Destito, te deklare, "Se yon lonè pou Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York la sèvi kòm pwotektè Koleksyon Atistik Harlem Eta a epi se yon plezi pou n wè zèv sa yo ki soti nan koleksyon an ekspoze nan Kapitòl Eta mèveye nou an. M ap mete ansanm ak Gouvènè Cuomo pandan n ap selebre Mwa Listwa Moun Nwa a pou n aplodi lidèchip fonksyonè piblik Carl McCall epi n ap tou selebre zèv atis kominotè Harlem yo".

Istwa Koleksyon an

McCall te tabli Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Bilding Administratif Eta Harlem lan an 1975 epi li te gen ladan lidè eta ak vil la yo, ansanm ak reprezantan ki soti nan kominote biznis Harlem lan. Yo te konsevwa Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la an 1976 pou atire atansyon popilasyon an sou zèv atistik ki te selebre kontribisyon kominote atistik Harlem lan.

An 1977, Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Bilding Administratif Eta Harlem lan te òganize yon seremoni pou yo anonse zèv atistik yo te chwazi pou mete nan Koleksyon Atistik Harlem lan. Ane apre a, yon ekspozisyon, "Seleksyon ki soti nan Bilding Administratif Eta Harlem lan" (Selections from the Harlem State Office Building) te ouvri epi li te gen ladan plizyè zèv atistik yo te fenk achte, pami yo zèv *Masquerade* Jacob Lawrence lan.

Pandan peryòd ane 1980 yo, yo te ekspoze zèv atistik ki nan koleksyon an regilyèman, kote yo te altène avèk ekspozisyon espesyal nan bilding lan, ke yo te chanje non l vin "Bilding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr." la an 1983.

Nan mitan peryòd ane 1990 yo, yo te demenaje pifò koleksyon an al mete nan yon depo ki nan sousòl bilding lan pou kreye espas pou ekspoze zèv atis kontanporen lokal yo ak atis etidyan yo nan kominote a.

Plizyè zèv atistik nan Koleksyon Atistik Harlem lan te sibi dega dlo yo te lakoz an 2006, lè konduit dlo yo te kase epi yo te inonde sousòl la. Yo te retire koleksyon an al mete l nan depo ki nan 13yèm etaj bilding lan kote l te rete nan move kondisyon epi kache pou piblik pa wè l pandan senkan.

Yo te redekouvri koleksyon an pandan yo t ap planifye pou yo fè renovasyon nan 13yèm etaj la, epi yo te tanporèman demenaje zèv atistik yo al mete yo Albany an 2012 pou yo evalye kondisyon zèv atistik yo. Yo te voye zèv endividyèl ki te mande atansyon espesyal yo pou yo fè reparasyon, netwayaj ak restorasyon konsèvasyon ladan yo.

Nan kad kontinyasyon travay konsèvasyon koleksyon an an 2019, yo te pote zèv yo tounen nan Bilding Powell la pou premye nan yon seri ekspozisyon altène k ap ekspoze seksyon ki soti nan koleksyon an yo ansanm ak zèv atis kontanporen Harlem yo. Dezyèm ekspozisyon nan seri sa a, "Atizay Harlem soti Yè rive Jodi a: Yon Selebrasyon Atizay Kominotè ak Kontanporen", te ouvri 7 fevriye 2020.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)